

## **BAB V**

### **PANUTUP**

Dina ieu bab, dipedar (1) kacindekan jeung (2) saran tina hasil panalungtikan kana kumpulan carita pondok karya Ahmad Bakri. Anapon dadaranana bisa katitén dina pedaran ieu di handap.

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan miboga tujuan salah sahijina pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsiun karya sastra Sunda, hususna carita pondok karya Ahmad Bakri ngaliwatan tiori structural jeung étnopédagogik, kalayan hasil panalungtikan dilarapkeun kanggo bahan panagajaran maca carpon di SMA. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis. Sedengkeun téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka/telaah pustaka, analisis data, jeung interprétsasi data.

Struktur carpon anu dianalisis ngawengku téma, fakta carita (alur, latar, jeung karakter), jeung sarana sastra (judul, puseur sawangan, gaya jeung *tone*, simbolisme).

Buku anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan aya tilu buku carpon karya Ahmad Bakri. Judul buku na nyaéta Nadran, Lebé Kabayan jeung Ki Merebot. Tina tilu buku di luhur kakumpul aya 19 judul carpon, ku kituna dumasar kana ngawakilan unggal tema kapilih jadi 3 tema nyaéta sosial, mistik jeung kaagamaan. Kapilih 11 judul carpon anu baris di pedar dina ieu panalungtikan. 11 judul anu ngawakilan tema dina ieu panalungtikan nyaéta Nadran, Jontrot, Musim Harénghéng, Sebel Tuda...!, Lakadalah, Dukun Lepus, Burindil, Jimat, Kasurupan, Lebaran poé Jumaah jeung Ki Merebot. Sanggeus tema ditangtukeun, 11 judul carpon anu geus ditalungtik dianggap ngawakilan tina masing- masing judul anu aya. Alur carpon Sunda dibagi kana tilu bagian nya éta alur bagian mimiti, alur bagian tengah, jeung alur bagian panungtung. Latar tempat anu digunakeun umumna di pilemburan, masigit, kantor désa, imah,

lapangan, pasar, warung, kuburan, saung kuncen. Judul carpon anu digunakeun umumna ngagambarkeun eusi carita saperti carpon “ Nadran”, “Jontrot”, “Jimat”, “Kasurupan”, “Lebaran Poé Jumaah”, “Ki Merebot”, “Burindil”, jeung “ Dukun Lepus”. Puseur sawangan anu digunakeun pangarang nya éta jalma ka hiji-utama, jalma katilu kasengker, jalma kahiji lain utama, jeung jalma katilu teu kasengker. Gaya basa anu digunakeun pangarang basa basajan anu sering kapanggih dina kahirupan sapopoé.

Kumpulan carpon karya Ahmad Bakri mibanda ajén étnopédagogik anu luhung, di antarana:

- (1) Moral Manusa ka Pangéran; dituduhkeun dina carpon Nadran jeung Ki Merebot
- (2) Moral Manusa salaku Pribadi dituduhkeun dina carpon Jontrot.
- (4) Moral Manusa ka Alam; dituduhkeun dina carpon Nadran.
- (5) Moral Manusa kana Waktu; dituduhkeun dina carpon Jontrot jeung Ki Merebot.

Carita Pondok karya Ahmad Bakri bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon di SMA ku lantaran hasil analisis anu dipedar bisa ditulis jadi pangajaran maca anu geus nyampak dina kurikulum di tingkat SMA. Ku ayana hasil analisis dina wangun prosa, bisa nambahann pangaweruh anu leuwih euyeub pikeun siswa ngeunaan prosa hususna carita pondok, ngeunaan struktur, ajén étnopedagogik nu aya di jerona bisa jadi pieunteungeun pikeun siswa anu antukna bisa ngahudang jeung ngawangun karakter siswa anu leuwih luhung deui.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan *Kumpulan Carpon Karya Ahmad Bakri pikeun Alternatif Bahan Pangajaran maca di SMA*, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumpulan carita pondok karya Ahmad Bakri ngagambarkeun kahirupan anu pinuh ku ajén nu luhung, kaasup ajén atikan karakter nu hadé. Ieu hal tangtu bisa dijadikeun salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun karakter manusa ngaliwatan pangajaran.

- 2) Kumpulan Carita Pondok karya Ahmad Bakri miboga ajén étnopédagogik anu luhung, ku kituna bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar pikeun ngaronjatkeun karakter siswa anu luyu jeung étika Sunda
- 3) Ieu panalungtikan bisa dituluykeun ku panalungtik satuluyna keur kamekaran élmu pangaweruh widang sastra Sunda modéren wangun prosa.